*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 230 (25716)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 14 декабр — цыппурсы мæйы 14 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** БÆРÆГБОН *Паспорттæ — æвзонг фæсивæдæн*

**3** ТЕМАТИКОН ФАРС *"Хурзæрин"*

**4** СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Хъæбысхæст*

**Æхсызгон хабар**

## Удыбæстæ — уæлдæфон бæлццæттæн

**Знон Цæгат Ирыстоны кадджын уавæры байгом аэропорт "Дзæуджыхъæу"-ы авиабастдзинады ног терминал. 2020 азы декабры райдыдта йæ арæзтад æмæ абон уæлдæфон бæлццæттæн лæггад кæнынмæ у цæттæ. Ног бæстыхай дзуапп дæтты нырыккон домæнтæн. Зæрдæмæдзæугæ у йæ æддаг бакаст, райдзаст æмæ парахат сты дыууæ уæладзыджы дæр.**



Æхсæз лифты, эскалатор, кусы дзы æдасдзинады æмæ уæлдæфы сыгъдæгдзинадмæ чи кæсы, ахæм системæтæ. Бæлццæтты удæнцойæн дзы ис аив æнхъæлмæкæсæн залтæ, чысыл хæрæндæттæ, дуканитæ.

Æппæт ацы ногдзинæдтæ фенынмæ æрбацыдысты РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, республикæйы раздæры Сæргълæууæг **Битарты Вячеслав**, æндæр бæрнон кусджытæ.

Комкоммæ цæстуынгæ бастдзинады фæрцы кадджын мадзалы архайджытæн арфæ ракодта Уæрæсейы Федерацийы Президент **Владимир Путин**.

Бузныг загъта, ацы хорз æмæ хъæугæ хъуыддагыл чи бафыдæбон кодта, уыдонæн се 'ппæтæн дæр.





Фæстæдæр аэропорт "Дзæуджыхъæу"-ы генералон директор **Сергей Чалов** уазджытимæ æрзылдис ног аэропорты бæстыхайыл. Бæрæгбон сфидыдта ирон музыкæ æмæ "Хонгæ" кафтæй. Уыцы бон паддзахадон хæрзиуджытæ радтой къорд адæймагæн.

Майдан "Ирыстон Намысæн"-æй — схорзæхджын кодтой компани "Новапорт Холдинг"-ы генералон директор **Роман Троценкойы**, республикæйы Кады грамотæтæ радтой аэропорт "Дзæуджыхъæу"-ы техникон директор **Сергей Бенц**, проекты разамонæг **Олег Гречишкин** æмæ аэропорт "Минеральные Воды"-йы техникон директор **Хъалæгаты Олегæн**.

Журналистты фарстытæн дзуаппытæ дæтгæйæ, Сергей Меняйло загъта, рæстæгимæ æмдзу кæнын кæй хъæуы. — Бæлццæтты нымæц фылдæр кæны. Аразæм нырыккон фæндæгтæ, абон та гом кæнæм уæлдæфон дуæрттæ Ирыстонмæ. 1,5 милуан адæймагæн лæггад кæндзæн бастдзинады ног терминал. Уæрæсейы Президент нын бафæдзæхста, æмæ фæстæдæр скæндзыстæм уæлæмхасæн уадзæн пункт ацы аэропорты. Нæ' стыр нысан у, цæмæй ног терминал куса æхсæвæйбонæй, — загъта Сергей Меняйло.

— Æхсызгонæй цин кæнын ирыстойнæгтимæ. Туризмы райрæзты программæ æххæст кæнгæйæ ма дарддæр кусдзыстæм. Ирон адæм хъуыстгонд сты сæ уазæгуарзондзинадæй. Иу хатт чи фена уæ рæсугъд хæхтæ, диссаджы æхсæрдзæнтæ, уый, æнæмæнгæй, ссæудзæн дыккаг, æртыккаг хатт, — загъта Роман Троценко.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Къамтæ систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

**Коммуналон хæдзарад**

## Фæндæгтæ сыгъдæг дарын хъæуы

**Зымæджы афон фæндæгтæ митæй æмæ ихæй расыгъдæг кæнынæн чи хъæуы, республикæйы фæндагон æмæ коммуналон кусæндæттæ ахæм кусæнгæрзтæй ифтонггонд сты.**

Транспорт æмæ фæндагон инфраструктурæйы комитеты сæрдары хæдивæг **Дзампаты Игор** фæндагыл цæуыны æдасдзинадæн фадæттæ аразыны фæдыл къамисы æмбырды рæстæг амынд хабар фехъусын кодта.

— Арæзтадон кусæндæттæ зымæджы фæндæгтæм зилыны фæтк бацæттæ кодтой, бригадæтæ рад цæмæй хæссой, уымæн фадæттæ сарæзтæуыд, цас хъæуы, уый бæрц фæндагон нысантæ бацæттæ кодтам, — загъта хицауиуæггæнæг адæймаг.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: Дзæуджыхъæуы "Спецэкосервис" митæфснайæн техникæйы 13 иуæджы (ацы хæдтулгæтæй фарастæй пайда кæнæн ис сæрды дæр) кæй балхæдта, амæй размæ "15-æм регион" ахæм хабар фехъусын кодта. Компани зымæгмæ балхæдта 1200 тоннæйы сæрмагонд цæхх. Бахъуаджы рæстæг хардзон æрмæджытæ уæлæмхасæн балхæндзысты.

**Нæ уацхæссæг**

**Паддзахадон арæн**

## "Уæллаг Ларс"-ы уавæр

**Уæрæсейæ фæсарæнтæм Цæгат Ирыстоныл цæуæг фæндæгтыл бамбырд чысыл хъуагæй 500 уæзласæн хæдтулгæйы бæрц.**

Ацы хабар нæ республикæйы Хицауады аппаратон æмбырды рæстæг фехъусын кодта вице-премьер **Икъаты Русланбег**.

— Ручъы æфцæджы æмæ Арвыкомы фæндæгтæ транспортон фæрæзты æппæт хуызты цыдæн гом сты. Нырттæккæ Цæгат Ирыстоны бамбырдуæвæг 495 уæзласæн транзитон хæдтулгæйы æнхъæлмæ кæсынц ацы фæндæгтыл фæсарæнтæм ацыдмæ, — загъта Икъайы-фырт.



Бæрнон адæймаджы ныхасмæ гæсгæ, ивгъуыд къуырийы дæргъы автотранспорты 17,5 мин иуæджы æмæ 39 мин адæймаджы паддзахадон арæныл æрбынæттонуæвæг цæстдарæн-уадзæн бынат "Уæллаг Ларс"-ыл дыууæрдæм ацыдысты.

**Нæ уацхæссæг**

**Оперативон æмбырд**

## Æдасдзинады фарстатæ — боны фæткы

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО 2022 азы 19 октябры ист Уæрæсейы Президенты фидаргонд Указы мадзæлттæ æххæст кæныны тыххæй скодта Оперативон штабы æмбырд.**

Архайдтой дзы республикæйы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**, Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз**, тыхы структурæтæ æмæ барадхъахъхъæнæг оргæнты разамонджытæ.

Ныхас бацахста, цардарæзты, артаг-энергетикон, транспортон, промышленносты, æнæниздзинад хъахъхъæнынады, адæм фылдæр кæм вæййынц, уыцы хыгъдмæ хаст куыстуæтты, организациты æдасдзинад. Уыдæттæ домынц Уæрæсейы Президенты æмæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы Указтæ.

Рæгъмæ рахастой регионалон хызæг æмæ граждайнаг хъахъхъæнынады скондты рацарæзт скæныны фарста. Сергей Меняйло разамонджыты æргом аздæхта сæ бæрндзинадмæ, цыдæриддæр сæ размæ хæстæ æвæрд цæуы, уыдон сты æнæмæнг æххæстгæнинаг.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Парламентæй**

## Ацы азы республикон бюджет кæронмæ сбæлвырд

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты æвдæм æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Æмбырды архайдтой республикæйы Хицауады уæнгтæ, Сæйраг федералон инспектор РЦИ-Аланийы **Сергей Гончаров**, муниципалон скондты разамонджытæ, дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ. Боны фæткы фарстатæ ацы хатт бирæ нæ уыд, фæлæ уыдысты ахадгæ æмæ, аргъæвæн кæмæн нæй, ахæмтæ.

"Рæстаг Уæрæсе — патриоттæ — рæстдзинады фарс", зæгъгæ, ацы политикон партийы уæнг **Виктор Величко** Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты депутаты хæстæ йæхицæй æмгъуыдæй раздæр кæй систа, уымæ гæсгæ æмбырды архайджытæ байхъуыстой Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты депутат равзарыны фæдыл Парламенты Мандатон къамисы уæнг **Битарты Аличы** хъусынгæнинагмæ.

Депутаттæ фыццаг бакасты æркастысты "2022 азмæ æмæ 2023-2024 азты пъланон рæстæгмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы бюджеты тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проектмæ. Уый фæдыл раныхас кодта финансты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Исахъты Олег**.

Куыд загъта, афтæмæй, ивынц 2022 азы бюджеты бæрæггæнæнтæ, уымæн æмæ федералон бюджетæй лæвæрд æрцыд, фидинаг чи нæ уыдзæн, уæлæмхасæн ахæм фæрæзтæ — 1 миллиард 357,5 милуан сомы. Уыдонæй 646,4 милуан сомы дихгонд æрцæудзæн бынæттон бюджеттæ сæмхуызон кæнынæн æххуысæн, 336,2 милуан сомы — 3-7-аздзыд сывæллæттæн æрвылмæйон бафыстытæн, 85,6 милуан сомы — æртыккаг æмæ уымæй фылдæр сывæллæттæ кæмæн райгуыра, уыдонæн æрвылмæйон бафыстытæн, 128, 4 милуан сомы — хоры культурты куыстгæнджытæн æххуысæн æмæ ма бирæ алыхуызон субсидитæн æнæниздзинад хъахъхъæнынады, ахуырады æмæ цæрæнуатон-коммуналон къабæзты. Уымæй уæлдай, уæлæмхасæн федералон æххуысы фæрцы бюджетон къабазы кусджытæн афæдзы кæронмæ лæвæрд æрцæудзæн сæ мызд декабрæн, фæфылдæр уыдзæн РЦИ-Аланийы Хицауады фæстауæрцы фонд, стæй социалон нысаниуджы ахсджиагдæр æмæ фыццаградон хæрдзтæ. Афтæмæй, 2022 азы бюджеты кæройнаг бæрæггæнæнтæ рауадысты ахæм: æфтиæгтæ — 53 миллиарды 19,2 милуан сомы, хæрдзтæ — 55 миллиарды 84,6 милуан сомы, бюджеты кадавар — 2 миллиарды 821,4 милуан сомы.



**(Кæрон 2 фарсыл)**

**Ахсджиаг фембæлд**

### ТУСКЪАТЫ Таймураз:

## "Конституци мах стæм..."

**РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз Конституцийы бон сæмбæлд уæлдæр ахуыргæнæндætты студенттимæ. Уыдон хъуамæ сæхи равдисой алы къабæзты, дæсныйæдты.**

Фидæны экономисттæ, юристтæ, журналисттæн фадат уыд фарстытæ радтынæн. Уыдон уымæй спайда кодтой, фæлæ уал раздæр бæрæг темæйыл æрныхас кодтой. Тускъаты Таймураз куыд радзырдта, афтæмæй нæ бæстæйы историйы фондз Конституцийы сфидар кодтой. "Æрмæстдæр 1993 азы, адæм сæхæдæг кæуыл сразы сты, ахæм Конституци фидаргонд æрцыд. Сæйраг закъонмæ бахастой рæстаг æмæ æмбар уæвыны бындуртæ, уыдоны фæрцы граждайнаг æхсæнад рæзы, адæмы иу кæны, Уæрæсейы цæрæг адæмты культурæ æмæ традицитæ хъахъхъæны. Алы адæймаджы цардыл дæр Конституци зоныны бындуртæ зынынц, йæ бартæ æмæ хæстæ, зæрдæдарæнтæ йын фидар кæнынц", — загъта Парламенты Сæрдар.

Куыд ма бацамыдта, афтæмæй Сæйраг закъон зыны бæстæйы политикон скондыл, йæ ныхасмæ гæсгæ, "Конституци мах стæм..."

"Уый нæ царды уагæвæрд у, уым сты нæ хиуæттæ, хæстæджытæ, нæ бæстæйы фидæн. Нæ иумæйаг хæс у хорз ахуырæй, фæллойæ нæ фыдæлты, нæ ныййарджыты æнтыстдзинæдтыл æфтауын", — фæбæрæг кодта Тускъайы-фырт.

Фембæлд ахаста дыууæ сахатæй фылдæр, студентты фæндыд базонын парламентариты куысты сусæгдзинæдтæ, фæсивæдон политикæйы фарстатæ, дзыллон хабархæссæг фæрæзты, цензурæйы уавæр, туризмы рæзт, 50 азы фæстæ Тускъаты Таймураз республикæ æмæ бæстæ цы хуызæнæй уыны, уыдæттæ. Йæ дзуаппытæм гæсгæ, Ирыстон æнусы æмбисы фæстæ уыдзæн ахадгæ сконд, уыдзæн Уæрæсейы Федерацийы хай. "Бинонтæ дзы цæрдзысты амондджынæй, сæ бон уыдзæн хуызæнæн æхца исын, сæ цоты æвæлмæцгæйæ хæссын, ахуыр сæ кæнын. Ирыстон уыдзæн раззагдæр бынаты, наукæйы, культурæйы æмæ спорты бæрзæндтæм схиздзæн", — загъта Парламенты Сæрдар.

Политикон карьерæ куыдæй райдайын æмбæлы, уый тыххæй та загъта афтæ: "Хицауады тæмæн, цæхæркалд уæ хъуамæ ма асайа. Алы хъуыддаг дæр хъуамæ æххæст уа хъуыдыйæ, цы фæндаг равзæрстат, уым уæ дæсныйад хъуамæ бæрзонд уа. Рог фæндæгтæ ма агурут, хуыздæрты фæзмут. Раздæр — уæхи бинонты 'хсæн, уый фæстæ та, цы дæсныйад равзæрстат, уым. Зындзинæдтæй ма тæрсут, æмæ уæд уæлахиз уыдзыстут. Уæлдай нæу, юрист, политик, хæххон мастер уай, сæйрагдæр — фыццагкъласон специалист", — бацамыдта Тускъаты Таймураз.

Рохуаты нæ баззадысты Катары дунеон чемпионат футболæй, ацы азы ахадгæ цаутæ. Тускъаты Таймураз фæбæрæг кодта Аланыстонил саргъуыды 1100 азы, уый фæдыл цы ахсджиаг мадзæлттæ конд æрцыд, уыдон. Футболмæ рахизгæйæ, Парламенты Сæрдар куыд радзырдта, афтæмæй æппæты хуыздæр хъазт акæндзæн Францы командæ, фæлæ йæхæдæг уыдзæн Аргентинæйы фарс.

Царды цæмæ бæллы, уый тыххæй та Тускъаты Таймураз загъта, ома, алцыдæр хуымæтæг у, цæмæй базæронд уа æмæ йæ алыварс уой аккаг кæстæртæ, удварны бындуртæй хъæздыг, царды раст фæндæгтыл чи цæуы, ахæмтæ. Фембæлды кæрон Парламенты Сæрдар йæ уазджытæн раарфæ кодта, загъта, цæмæй сæ царды сæйраг закъон сæхæдæг фыссой. Сæ æнтыстдзинæдтæ та уыдзысты республикæйы æмæ бæстæйы. "Цæуын хъæуы Конституцийы фыстыты фæстæ, уыдæтты фæрцы нæ абон æмæ нæ фидæн уыдзысты фæрнæйдзаг", — фæбæрæг кодта Парламенты Сæрдар.

**ЛОХТЫ Фаризæ**

**Дзырды фарн**

*...сыгъдæг зарæг*
*зæрдæйы уидæгтæм хъары.*

*ХЪОРОТЫ Дауыт*

Боныхъæд | **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **14 декабры,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **2-7 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **3-5 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 09,02 | **Хурыскаст** — 07,22 **Хурныгуылд** — 16,24

Валютæйы аргъ | **Доллар** — 62,98 **Евро** — 66,86

12+

Бæрæгбон

# Паспорттæ — æвзонг фæлтæрæн



**Уæрæсейы Конституцийы 29-æм аз бæрæг кæнгæйæ, цæгатирыстойнаг æвзонг граждæнтæн радтой Уæрæсейы Федерацийы паспорттæ.**

Кадджын уавæры РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** паспорттæ радта 25 æвзонг чызг æмæ лæппуйæн. Дзæуджыхъæу æмæ районтæй лæппутæ æмæ чызджытæ æхсызгонæй сæмбæлдысты Хицауады хæдзары. Фæсивæдæй алчидæр ахуыры, сфæлдыстады, спорт æмæ æхсæнады царды стыр æнтыстдзинæдтæ æвдисы.

Сергей Меняйло куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй нырæй фæстæмæ фæсивæдæй алчидæр суыдзæн Уæрæсейы æххæст граждаæнин. Рæзгæ лæппутæ æмæ чызджытæн фæзындзысты уæлæмхасæн бартæ, фæлæ уыимæ — бæрнондзинад дæр.

"Ахсджиаг бон уыл скодта, нырæй фæстæмæ стут цытджын бæстæйы паспортты хицæуттæ. Фæзынд уæм Конституцийы фидаргонд бартæ æмæ сæрибартæ, фæлæ ма уымæй уæлдай хъуамæ уарзат æмæ хъахъхъæнат Фыдыбæстæ. Мæ зæрдæ уын зæгъы нæ бæстæйы аккаг граждæнтæ суæвын", — загъта Сæргълæууæг.

Уый ма ныййарджытæн бузныг загъта, сывæллæтты дзæбæх кæй хъомыл кæнынц, уый тыххæй. Сергей Меняйло Цæгат Ирыстоны æппæт цæрджытæн раарфæ кодта Уæрæсейы Федерацийы Конституцийы бæрæгбоны тыххæй, йæ зæрдæ сын загъта фарн, æнæниздзинад æмæ хорздзинадæй хайджын уæвын.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

# Ацы азы республикон бюджет кæронмæ сбæлвырд

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

Фарстайы фæдыл раныхас кодта нæ республикæйы Цæстдарæн-нымайæн палатæйы разамонæг **Хъæлыцты Инал**. Куыд загъта, афтæмæй ацы азы республикон бюджеты æфтиæгтæ рауадысты 41 миллиарды 592,3 милуан сомы, кæнæ та, афæдзæн кæй нысан кодтой, уыцы нымæцæн йæ 81,7 проценты, æмæ бафиппайдта, ивгъуыд азы ацы рæстæгимæ абаргæйæ, уыдон кæй фæфылдæр сты 7 миллиарды 944 милуан сомæй.

— Ацы азы 1 ноябрмæ республикæйы паддзахадон хæс у 9 миллиарды 897,9 милуан сомы. Уыдон сты, бюджетон кредиты хуызы федералон бюджетæй ист æхцатæ, — загъта раныхасгæнæг.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организацийы комитеты сæрдары хæдивæг **Тауытты Алыксандр** æмæ депутаттæй курæг уыд, цæмæй, бахæссинаг ивддзинæдтæн аргъ скæнгæйæ, закъон фидаргонд æрцæуа фыццаг, дыккаг æмæ кæройнаг бакасты.

Фарста ахсджиаг кæй у, уымæ гæсгæ закъон фидаргонд æрцыд фыццаг, дыккаг æмæ кæройнаг бакасты.

Тускъаты Таймураз депутаттæн сæ размæ рахаста "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты иуæй-иу комитетты скондтæм ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты уынаффæйы проект, стæй уыимæ баст Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организацийы комитеты сæрдар равзарыны фарста.

Парламенты Сæрдар куыд раныхас кодта, афтæмæй, республикæйы Центрон æвзарæн къамисы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, цы депутаты мандат суæгъд, уый лæвæрд æрцыд парти "Рæстаг Уæрæсе-Патриоттæ-рæстдзинады фарс", зæгъгæ, политикон партийы уæнг Хæдарцаты Шамилы фырт Аслæнбегæн. Йæ кандидатурæ йын Тускъаты Таймураз бавдыста Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организацийы комитеты сæрдары бынатмæ, æмæ цыбырæй радзырдта Хæдарцыфыртæн йæ царды, йæ куысты æмæ æхсæнадон архайды тыххæй.

— Куыд зонæм, афтæмæй, закъонæвæрынадон архайды Хæдарцаты Аслæнбегмæ ис стыр фæлтæрддзинад, бирæ азты дæргъы уыд нæ республикæйы Парламенты депутат, дзæвгар рæстæг дæсны разамынд лæвæрдта бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организацийы комитетæн, стæй æрдзон фæрæзты æмæ экологийы комитетæн. Уæдæ нæ республикæйы экономикæйы къабазы дæр бирæ фæкуыста, æмæ ацы ран дæр йæ фæлтæрддзинад у æгæрон. Уымæ гæсгæ, Парламенты йæ закъонæвæрынадон архайд, раздæрау, дæсны æмæ пайдайаг кæй уыдзæн, уый дызæрдыггаг нæу, — загъта Тускъаты Таймураз.

Хъæлæс кæныны электронон системæйæ спайда кæнгæйæ, æргомæй схъæлæс кæнгæйæ, Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организацийы комитеты сæрдарæй депутаттæ равзæрстой **Хæдарцаты Аслæнбеджы**.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

Конституцийы кадæн

# Фæсивæды хиуынаффæйады фыццаг форум

**Уæрæсейы Конституцийы боны кадæн Цæгат Ирыстоны æнтыстджын рæзгæ фæсивæд æмæ æрыгæттæн центр "Вершина"-йы скодтой ахуыргæнæг фæсивæды хиуынаффæйады фыццаг форум.**



Архайдтой дзы хистæр къласты ахуырдзаутæ, сывæллæтты змæлды сæрæндæр сабитæ районтæй. Æвзонг фæсивæдæн æгасцуай зæгъынмæ æрбацыдысты Фæсивæды хъуыддæгты комитеты сæрдар **Джусойты Руслан**, ахуырад æмæ наукæйы министры хæдивæг **Габеты Вадим** æмæ иннæ уазджытæ. Форумы архайджытæн ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæйы** номæй раарфæ кодта Габеты Вадим.

Уæрæсейы Конституцизоныны æнтыстдзинæдтæ равдисæг скъоладзаутæн радтой хæрзиуджытæ. Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуырдзау **Джаджиты Михал**, Елхоты 1-æм скъолайы минæвар **Санахъоты Лоренæ**, Николаевскы станицæйы скъолайы ахуырдзау **Максим Бондин**, Æрыдоны 2-æм скъолайы ахуырдзау **Плиты Ланæ** æмæ Алагиры 3-æм скъолайы минæвар **Анжеллæ Нормуратова** систы хуыздæртæ. Уыдон сæ хæстæ иттæг хорз сæххæст кодтой æмæ сыл сæмбæлдысты сæ лæвæрттæ.

Форумы фæлгæты скодтой мастер-класстæ, амыдтой сын сæ дæсны медиаменеджертæ, Фæсивæды хъуыддæгты комитеты, Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы Фæсивæдон политикæйы, физикон културæ æмæ спорты комитеты, Бархионты цæгаткавказаг центры, республикæйы Фæсивæды цæдисы минæвæрттæ, педагогон ерысты уæлахиздзаутæ.

Ахуыргæнæг фæсивæды хиуынаффæйады форумы архайджыты раззагдæртæ фæстагмæ бахъахъхъæдтой сæ проекттæ.

**ГÆЛÆУТЫ Наталья**

Æхххуыс

# Депутатты фæндон

**Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн ипотекон æфстæуттæ сын дæттыны хъуыддаджы баххуыс кæнын æмбæлы, зæгъгæ, афтæ фыст кæм ис, цæгатирыстойнаг Парламенты депутаттæ Новосибирскы облæсты Закъонæвæрынадон æмбырды депутатты ахæм куырдиаты фарс рахæцыдысты.**

Ацы хабар фехъусын кодтой нæ республикæйы Парламенты советы æмбырды архайджытæ. Документы авторæ куыд зæгъынц, афтæмæй, æрсидтмæ гæсгæ æфсæддон службæмæ кæмæ фæсидтысты, уыцы адæм, стæй сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ бындурон исбоны цъындыйы (ипотекæйы) тыххæй бадзырд цæмæй сфидар кæной, ахæм фарста нымад у ахсджиагыл. Зæгъæм, бадзырд сфидар кæныны фадат кæй нæй (уымæн æмæ æфстаудæттæг кусæндæттæ алыхуызон æфстæуттæй уæлдæрамынд адæймæгтимæ амынд бадзырдтæ сфидар кæныныл нæ разы кæнынц), депутаттæм уый тыххæй хъæстытæ бафтынц.

"Архайæг барадон цæстдардмæ гæсгæ, амынд фарста регионалон æмвæзадыл алыг кæныны фадат нæй. Фæдзæхсæм уын фарстамæ æргом аздахын æмæ Уæрæсейы Гæрзифтонг тыхтæм хайгай æрсидтмæ гæсгæ æфсæддон службæ кæнынмæ кæмæ фæсидтысты, ахæм адæймæгтæн, стæй сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн бындурон исбоны цъындыйы (ипотекæйы) тыххæй бадзырд фидар кæныны рæстæг баххуыс кæнын", — фыст ис æмбарынгæнæн фыстæджы.

**БÆЗЗАТЫ Алинæ**

Барад

# Цæстфæлдахæн мийы æвзæрст

**Тæрхонадон пъырыстыфты службæйы бæрнон адæймæгтæ хæсдарæг сылгоймаджы пенсийæ æхца бауромын æнæзакъонæй кæй домынц, Дзæуджыхъæуы Промышленнон районы прокуратурæ уый рабæрæг кодта.**

Куыд раргом, афтæмæй пенсиисæг-сылгоймаг нымад у æфстау бадомыны тыххæй æххæстгæнинаг хъуыддаджы хæсдарæгыл, афтæмæй сылгоймаг æфстау радтыны тыххæй куырдиат нæ барвыста, стæй сылгоймаджы номæй исыны фæдыл бадзырды чи ис, уыцы къухæвæрд сылгоймаджы къухæвæрд нæу. Барадхъахъхъæнджытæ куыд сбæлвырд кодтой, афтæмæй, пенсиисæг-сылгоймаджы паспорты халдихæй пайда кæнгæйæ, æбæрæг адæймаг сылгоймаджы номæй хъæугæ гæххæттытæ бацæттæ кодта, банчы райста 60 мин сомы бæрц æфстау æмæ ацы æхцатæ йæхиуыл бахардз кодта. Банкæн хæс кæй нæ бафыстæуыд, уымæ гæсгæ æххæстгæнинаг хъуыддаг сарæзтой.

Ацы æууæл нымайгæйæ, районы прокуратурæ уавæр бæлвырд кæныны фæдыл æрмæджытæ Уголовон-процессуалон кодексы 37-æм статьяйы 2 хайы 2 пунктмæ гæсгæ барвыста райдайæн бæлвырд кæныны оргæнмæ аххосджын адæймагæй уголовон бæрнондзинад бадомынмæ. Ацы æрмæджыты равзæрсты фæстæ Уголовон кодексы 159-æм статьяйы 3 хаймæ ("Куысты бынатæй пайда кæнгæйæ, цæстфæлдахæн ми бакæнын") гæсгæ сарæзтæуыд уголовон хъуыддаг.

Ацы хъуыддаг куыд æвзарынц, прокуратурæ уымæ йæ цæст дары.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Официалон уагæй

# Æрсидты фæлгæты æфсæддон службæмæ кæмæ фæсидтысты, стæй, сæрмагонд хæстон операцийы чи архайы, уыцы адæмы тыххæй закъоны уагæвæрдтæ

**Уæрæсейы Федерацийы Президент бафыста, "Æрсидты фæлгæты Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæм æфсæддон службæмæ кæмæ фæсидтысты, уыдоны, стæй, сæрмагонд хæстон операцийы чи архайы, уыцы адæмы, стæй сæ бинонты уæнгты кредитон бадзырдтæм гæсгæ сæ хæстæ æххæст кæныны хицæндзинæдты тыххæй æмæ Уæрæсейы Федерацийы хицæн закъонæвæрынадон акттæм ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" федералон закъон.**

**Федералон закъон 2022 азы 28 сентябры сфидар кодта УФ-йы Паддзахадон Думæ, æмæ йыл 2022 азы 4 октябры сразы Федерацийы Совет.**

**Ацы федералон закъонæй фидаргонд цæуынц, æрсидты фæлгæты Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæм æфсæддон службæмæ кæмæ фæсидтысты, стæй, Украинæйы, Донецкы Адæмон Республикæйы æмæ Луганскы Адæмон Республикæйы фæзуæтты сæрмагонд хæстон операцийы чи архайы, уыдоны, стæй сæ бинонты уæнгтæй кредитон бадзырдтæм гæсгæ сæ хæстæ чи æххæст кæны, уыцы хæстæ æххæст кæныны хицæндзинæдтæ.**

**Федералон закъонмæ гæсгæ, хæсрайсæгæн ис, кредитон бадзырдæн лæвæрд рæстæджы дæргъы кæцыфæнды афон дæр (æрмæст 2023 азы 31 декабрæй фæстæдæр нæ) кредитон бадзырдты æууæлтæ аивыны тыххæй хæсрадтæгмæ куырдиат бадæттыны бар, цæмæй льготæйæ пайда кæныны рæстæгмæ йæ хæс фидынæй иуцасдæрмæ уæгъд æрцæуа.**

**Федералон закъонмæ гæсгæ, сæрмагонд хæстон операцийы рæстæг йæ хæстæ æххæст кæнгæйæ, æфсæддон куы фæмард уа, кæнæ та, сæрмагонд хæстон операцийы рæстæг куы фæцæф уа, кæнæ уый аххосæй исты низ куы ссара æмæ уый фæстæ куы амæла, кæнæ та, уый аххосæй 1-аг къорды инвалидыл нымад куы 'рцæуа, уæд, кредитон бадзырдмæ гæсгæ йыл цы хæстæ æвæрд уыд, уыдонæн цæуы кæронæвæрд.**

**"Æрсидты фæлгæты Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæм æфсæддон службæмæ кæмæ фæсидтысты, уыдоны, стæй, сæрмагонд хæстон операцийы чи архайы, уыцы адæмы, стæй сæ бинонты уæнгты дæр кредитон бадзырдтæм гæсгæ сæ хæстæ æххæст кæныны хицæндзинæдты тыххæй æмæ Уæрæсейы Федерацийы хицæн закъонæвæрынадон акттæм ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" 2022 азы 7 октябры 377-æм федералон закъон**

Фидаргонд æрцыд Уæрæсейы Федерацийы Паддзахадон Думæйы 2022 азы 28 сентябры.

Федерацийы Совет ыл сразы 2022 азы 4 октябры.

**1-æм статья**

1. Ацы Федералон закъонмæ гæсгæ, хæсрайсæгыл нымад цæуынц:

1) æрсидты фæлгæты Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæм æфсæддон службæмæ кæмæ фæсидтысты, афтæмæй, æрсидтæй бон раздæр "Фæлхасадон кредиты (хæс райсыны) тыххæй" 2013 азы 21 декабры 353-æм федералон закъоны 3 статьяйы 1 хайы 3 пункты амынд хæсдæттæгимæ кредитон бадзырд (хæс райсыны тыххæй бадзырд), уыимæ, ипотекæ йæ зæрдæдарæн кæмæн у (дæлдæр — кредитон бадзырд), ахæм кредитон бадзырд чи бафыста, уыцы адæймæгтæ (уыимæ, хи амалхъомтæ дæр);

2) Украинæйы, Донецкы Адæмон Республикæйы æмæ Луганскы Адæмон Республикæйы фæзуæттыл сæрмагонд хæстон операцийы (дарддæр — сæрмагонд хæстон операци) архайынæй бон раздæр 2013 азы 21 декабры 353-æм федералон закъоны 3 статьяйы 1 хайы 3 пункты амынд хæсдæттæгимæ кредитон бадзырд чи бафыста, 1996 азы 31 майы "Хъахъхъæнынады тыххæй" 61-æм федералон закъоны амынд æфсæддон хæйтты æмæ оргæнты Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхты æфсæддон службæйы кæнæ Уæрæсейы Федерацийы Национ гвардийы æфсæддон службæйы чи ис, стæй, Украинæйы, Донецкы Адæмон Республикæйы æмæ Луганскы Адæмон Республикæйы фæзуæттыл сæрмагонд хæстон операцийы чи архайы, уыцы адæймæгтæ;

3) Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтыл æвæрд хæстæ æххæст кæнынæн барвæндонæй æххуыс кæныны тыххæй контракт чи бафыста, афтæмæй, контракт бафыссынæй бон раздæр "Фæлхасадон кредиты (хæс райсыны) тыххæй" 2013 азы 21 декабры 353-æм федералон закъоны 3 статьяйы 1 хайы 3 пункты амынд хæсдæттæгимæ бадзырд чи бафыста, уыцы адæймæгтæ (уыимæ, хи амалхъомтæ дæр);

4) 1998 азы 27 майы "Æфсæддонты статусы тыххæй" 76-æм федералон закъоны 2 статьяйы 5 пунктмæ гæсгæ, ацы хайы 1-3 пунктты амынд адæймæгтæн (дарддæр — æфсæддонтæн) сæ бинонты уæнгтæ (дæлдæр — æфсæддоны бинонтæ), цы æфсæддоны бинонтæ сты, уыцы æфсæддонæн ацы хайы 1-3 пунктты амынд æууæлтæ цалынмæ нæ фæзынд, уæдмæ кредитон бадзырд чи бафыста, уыдон.

2. Кредитон бадзырд цалынмæ йæ тыхы ис, уыцы рæстæджы дæргъы кæдфæнды дæр, æрмæст 2023 азы 31 декабрæй фæстæдæр нæ, ацы статьямæ гæсгæ, хæсрайсæгæн ис кредитон бадзырды уагæвæрдтæ аивыны тыххæй хæсрадтæгмæ куырдиат бадæттыны бар, ныхас цæуы, льготæ цы рæстæг аххæсдзæн, уыцы рæстæгмæ йæ хæс фидынæй суæгъд кæныныл; льготæйæ пайда кæныны уыцы рæстæг нымад цæуы афтæ:

1) æрсидты рæстæгмæ кæнæ та, контракт цы рæстæгмæ бафыста æфсæддон, уыимæ (ацы статьяйы 1 хайы 1 æмæ 3 пунктты амынд чи ис, уыцы æфсæддонтæ æмæ сæ бинонты уæнгтæ), æфтыд цæуы 30 боны;

2) сæрмагонд хæстон операцийы архайыны рæстæгмæ (ацы статьяйы 1 хайы 2 пункты амынд чи ис, уыцы æфсæддонтæ æмæ сæ бинонты уæнгтæ) æфтыд цæуы 30 боны.

3. Ацы статьяйы 2 хайы амынд льготæйæ пайда кæныны рæстæг адарддæр вæййы, ацы статьяйы 1 хайы 1-3 пунктты амынд чи ис, уыцы æфсæддон куы фæцæф уа, кæнæ та, сæрмагонд хæстон операцийы архайгæйæ æмæ йæ хæстæ æххæст кæнгæйæ, исты низ куы ссара, уæд рынчындоны, госпиталы кæнæ æндæр медицинон кусæндоны стационарон уавæры йæхи цалынмæ дзæбæх кæна, уæдмæ.

4. Ацы статьяйы 2 хайы цы домæн амынд ис, хæсрайсæгæн уый барвитын йæ бон у, хæсдæттæг æмæ хæсрайсæг се 'хсæн цы бадзырд бафыстой, уым амынд гæнæнæй спайда кæнгæйæ, кæнæ та йæ цæугæ радиотелефонты бастдзинады фæрцы абоненты номырмæ гæсгæ арвитын.

5. Домæн æрвитгæйæ, æфсæддонæн йæ бон у, æмæ ма йемæ барвита, Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынадмæ гæсгæ, сæрмагонд хæстон операцийы кæй æрхайы, ууыл дзурæг документтæ дæр. Хæсрадтæгæн йæ бон у (кредитон бадзырдмæ гæсгæ, хæсрайсæгыл цы хæс æвæрд ис, ууыл дзурæг документ бавдисгæйæ), ацы æууæл сæххæст кæныныл дзурæг хъусынгæнинаг æрцагурын Уæрæсейы Федерацийы Хъахъхъæнынады министрадæй, Уæрæсейы Федерацийы Национ гвардийы æфсады управленийы оргæнтæй, æфсæддон скондтæй æмæ, 1996 азы 31 майы "Хъахъхъæнынады тыххæй" 61-æм федералон закъоны 1 статьяйы 6 пункты амынд чи ис, уыцы оргæнтæй.

6. Уæрæсейы Федерацийы Хъахъхъæнынады министрадæн, Уæрæсейы Федерацийы Национ гвардийы æфсады управленийы оргæнтæн, æфсæддон скондтæн æмæ, 1996 азы 31 майы "Хъахъхъæнынады тыххæй" 61-æм федералон закъоны 1 статьяйы 6 пункты амынд чи ис, уыцы оргæнтæн сæ хæс у, ацы статьяйы 5 хайы амынд хъусынгæнинаг раст кæй у, уый бæлвырдгæнæг гæххæтт хæсрадтæгæн бацæттæ кæнын, хæсрадтæг сæ цы бон æрфæрса, уымæй авд бонæй фылдæр куыд нæ рацæуа, афтæ (ахæм бæрæггæнæнтæ бавдисынæн Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынад гæрæнтæ кæд не 'вæры, уæд). Ацы статьяйы 2 хайы амынд æууæл сæххæст кæныныл дзурæг документ хæсрайсæгæй æрцагурын хæсрадтæгæн йæ бон нæу.

7. Ацы статьяйы 2 хайы амынд домæнтæ райсгæйæ, æфсæддонæн, йæ бинонты уæнгтæн ис ацы статьяйы 5 хайы амынд документтæ бавдисыны бар, стæй ма сыл бафтауы, æфсæддонæн йæ бинонты уæнг кæй у æмæ йын цы бавæййы, ууыл дзурæг документтæ дæр.

8. Хæсрайсæгæн йæ бон у льготæйæ пайда кæныны рæстæджы райдайæн снысан кæнын, æрмæст 2022 азы 21 сентябрæй раздæр уыцы рæстæг куыд нæ райдайа, афтæ. Льготæйæ пайда кæныны растæджы райдайæн хæсрадтæг куы нæ снысан кæна йæ домæны, уæд уыцы райдайæныл банымайын æмбæлы, хæсрадтæг хæсрайсæгмæ йæ домæн цы бон арвыста, уыцы бон.

9. Ацы статьяйы 2 хаймæ гæсгæ фидаргонд чи цæуы, льготæйæ пайда кæныны уыцы рæстæджы райдайæн хæсрайсæг йæ домæны кæд æмæ снысан кодта, стæй, 2013 азы 21 декабры "Фæлхасадон кредиты (хæсы) тыххæй" 353-æм федералон закъоны 6.1-1 статьямæ гæсгæ, кæнæ "Уæрæсейы Федерацийы Центрон банчы (Уæрæсейы банчы) тыххæй" федералон закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" 2020 азы 3 апрелы 106-æм федералон закъоны 6 æмæ (кæнæ) 7 статьятæм гæсгæ, кæнæ та, кредитон бадзырды, хæс райсыны бадзырды æууæлтæ аивыны хицæндзинæдтыл ныхас кæм цæуы, Уæрæсейы Федерацийы иуæй-иу уыцы закъонæвæрынадон акттæм гæсгæ, льготæйæ пайда кæныны рæстæг кæд æмæ нысангонд æрцыд, уæд, ацы статьяйы 2 хаймæ гæсгæ льготæйæ пайда кæныны рæстæг ратгæйæ, уæлдæр амынд льготæйæ пайда кæныны рæстæгæн кæрон æвæрд æрцæуы æмгъуыдæй раздæр.

10. Ацы статьяйы 2 хайы амынд хæсрайсæджы домæн хæсдæттæг куы райса, уæд, æппынфылдæр дæс бонмæ, хъуамæ æркæса уыцы домæнмæ. Хæсрайсæджы домæн ацы статьяйы 1 æмæ 2 хайттæн дзуапп куы нæ дæтта, уæд ын хæсдæттæг хъуамæ фехъусын кæна, кредитон бадзырды æууæлтæ кæй ивынц, уыцы хабар æмæ йæм уый тыххæй кредитон бадзырдты амынд мадзалы фæрцы хъуамæ барвита хъусынгæнинаг, хæсрайсæг йæ домæн цæугæ радиотелефонты бастдзинады фæрцы кæд арвыста, уый.

11. Хæсрайсæджы домæн ацы статьяйы 1 æмæ 2 хæйтты уагæвæрдтæн дзуапп куы нæ дæтта, уæд уый уыдзæн йæ домæн нæ сæххæст кæнынæн æфсон. Йæ домæн æххæстгонд кæй нæ цæуы, хæсдæттæг уый хъуамæ фехъусын кæна, ацы статьяйы 10 хайы амынд мадзалы фæрцы.

12. Ацы статьяйы 2 хайы амынд йæ домæны фæдыл ацы статьяйы 10 хайы амынд хъусынгæнинаг хæсрайсæг хæсдæттæгæй 15 бонмæ куы нæ райса, кæнæ та, домæн нæ сæххæст кæныны ацы статьяйы 11 хайы амынд æфсон кæм ис, йæ домæн нæ сæххæст кæныны фæдыл ахæм хъусынгæнинаг хæсрайсæгмæ куы нæ фæхæццæ уа, уæд, льготæ цы рæстæг аххæсса, уыцы рæстæгæн йæ райдайæныл нымад æрцæуыдзæн, хæсрайсæг хæсрадтæгмæ йæ домæн цы бон фæхæццæ кодта, уыцы бон, æндæр искæцы бон дзы амынд куы нæ уа, уæд.

13. Ацы статьяйы 10 хайы амынд хъусынгæнинаг хæсрадтæг хæсрæйсæгмæ цы бон фæхæццæ кæна, уыцы бонæй фæстæмæ кредитон бадзырды уагæвæрдтæ ивд нал цæуынц, льготæйæ пайда кæныны рæстæг цалынмæ цæуа, уæдмæ. Хæсрадтæг хæсрайсæгмæ хъуамæ барвита кредитон бадзырдмæ гæсгæ фиддонты бæлвырд график, уый æрвыст хъуамæ æрцæуа ацы статьяйы 10 хайы амынд мадзалы фæрцы, льготæйæ пайда кæныны рæстæг цы бон ахицæн уа, уымæй бон фæстæдæр, æрмæст ацы статьяйы 19 хайы амынд цаутæ фæцух кæнгæйæ.

14. Ацы статьяйы 5 хайы амынд документтæ хæсрайсæг, мыййаг, куы нæ бавдиса, уæд льготæйæ пайда кæныны рæстæг сфидар кæныны фæстæ хæсдæттæгæн йæ бон у уыцы документтæ хæсрайсæгæй æрцагурын. Ахæм уавæры хæсрайсæг хъуамæ бавдиса ацы статьяйы 5 хайы амынд документтæ, æрмæст, льготæйæ пайда кæныны рæстæг цалынмæ цæуа, уæдмæ, уымæй фæстæдæр — нæ.

15. Ацы статьйы 10 хайы амынд мадзалы фæрцы хæсрайсæг хæсрадтæгæн хъуамæ фехъусын кæна, льготæйæ пайда кæныны рæстæгæн йæ кæройнаг бон кæд у, уый, уыцы рæстæг цалынмæ нæ фæуа, уæдмæ.

16. Ацы статьяйы 5 хайы амынд документтæ хæсрайсæг хæсрадтæгæн йæ домæнмæ гæсгæ куы нæ бавдиса ацы статьяйы 14 хайы амынд æмгъуыдмæ, кæнæ та Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынадæн уыцы документтæ дзуапп куы нæ дæттой, уæд хæсрайсæгæн хæсдæттæг фехъусын кæны, льготæйæ пайда кæныны рæстæг йæ тыхы кæй нæу, уыцы хабар. Уыцы хъусынгæнинаг ын барвиты ацы статьяйы 10 хайы амынд мадзалы фæрцы.

17. Ацы статьяйы 16 хайы амынд хъусынгæнинаг хæсрайсæг цы бон райсы, уыцы бонæй фæстæмæ, льготæйæ пайда кæныны рæстæг йæ тыхы кæй ис, ууыл нымад нæ цæуы, стæй, ацы статьямæ гæсгæ, кредитон бадзырды æууæлтæ дæр ивд не 'рцæуынц. Хæсрайсæгмæ хæсрадтæг хъуамæ барвита кредитон бадзырдмæ гæсгæ фиддонты бæлвырд график, стæй йын уыцы-иу рæстæг хъуамæ барвита ацы статьяйы 16 хайы амынд хъусынгæнинаг.

18. Кредитон бадзырдмæ гæсгæ (ипотекæ райсыны тыххæй кредитон бадзырдæй фæстæмæ) хæсрайсæг хæсдæттæгæй цы хæс дары, ууыл, льготæйæ пайда кæныны рæстæджы фыццаг бонæй фæстæмæ, æфтыд цæуынц процентæ процентон ставкæмæ гæсгæ, уымæн йæ бæрц у, 2023 азы 21 декабры "Фæлхасадон кредиты (хæс райсыны) тыххæй" 353-æм федералон закъоны 6 статьяйы 8 хаймæ гæсгæ, Уæрæсейы Банк кæй банымадта æмæ ныммыхуыр кодта, фæлхасадон кредиты (хæс райсыны) базарадон рæстæмбис бæрцы æртæ хайæ дыууæ хайы бæрц, ацы статьяйы 2 хайы амынд домæн цы бон барвыста, уыцы бон банкæй цы процентæ нысангонд уыд, уыдонмæ гæсгæ, æрмæст, льготæйæ пайда кæныны рæстæг нысангонд цалынмæ не 'рцыд, уæдмæ кредитон бадзырды æууæлтæм гæсгæ цы процентæ амынд уыд, уыдонæй фылдæр хъуамæ ма уой.

19. Кредитон бадзырдты æууæлтæ аивыны тыххæй хæсрайсæджы домæнмæ гæсгæ, ацы статьямæ гæсгæ, нæй спайдагæнæн 2020 азы 3 апрелы "Уæрæсейы Федерацийы Центрон банчы (Уæрæсейы Банчы) тыххæй" 106-æм федералон закъоны статьяйы 15 хайы æмæ ацы статьяйы 13 хайы уагæвæрдтæй, стæй, кредитон бадзырды æууæлтæ аивыныл ныхас кæм цæуы, Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынадон уыцы хицæн акттæй. Ацы статьяйы 2 хайы амынд домæн хæсрайсæг хæсрадтæгмæ цалынмæ нæ арвита, уæдмæ фæлхасадон кредиты (хæс райсыны) бадзырдмæ гæсгæ льготæйæ пайда кæныны рæстæджы райдайæнæн снысан кæнæн нæй.

20. Ацы статья фæтк цы ахастдзинæдтæн æвæры, уыдон æххæст кæнгæйæ, пайдагонд цæуы 2020 азы 3 апрелы "Уæрæсейы Федерацийы Центрон банчы (Уæрæсейы Банчы) æмæ кредитон бадзырды тыххæй, хæс радтыны тыххæй уагæвæрдтæ аивыны хицæндзинæдтимæ баст закъонæвæрынадон хицæн акттæм" ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" 106-æм федералон закъоны 6 статьяйы 14-27 æмæ 31-33 хæйтты амынд домæнтæй.

**(Уыдзæн ма)**

Литературæ
# Хурзæрин
Аивад

105 азы юбилей

# Хъайсын Кулиев — лæгуарзондзинады поэт

**Хъайсын Кулиев — асиаг адæмы стыр поэт, советон поэзийы разагъды минæвар, Горькийы номыл премийы æмæ Паддзахадон премийы лауреат, диссаджы хæларзæрдæ адæймаг æмæ æнувыд æмбæстаг — зындгонд у канд йæ фыдызæххыл æмæ Советон Цæдисы нæ, фæлæ æппæт дунейыл дæр. Абон йæ райгуырдыл сæххæст 60 азы æмæ уыйадыл советон фысджытæн æмæ чиныгкæсджытæн у цины бæрæгбон.**



Хъайсын райгуырд хуымæтæг хохаг зæхкусæджы хæдзары, Октябры революцийы ралæудмæ ма æхсæз боны куы хъуыдис, уæд. Ног дунейы саби байрæзт æмæ рахъомыл советон дуджы, йæ сабийы бонтæй фæстæмæ бауарзта поэтикон ныхас æмæ йæ цард æнæхъæнæй дæр снывонд кодта дзырды аивадæн. Уæлыгæс, фыййау, скъоладзау, салдат — ахæм уыд йæ цардвæндаг суанг Стыр Фыдыбæстæйон хæстмæ. Стæй райдыдта йæ хæстон фæндаг рæнхъон салдатæй афицермæ — хæсты быдыры уыд йæ райдайæнæй йæ фæудмæ. Æмæ дзы æрыздæхт сгуыхт хæстонæй, цалдæр хорзæхимæ. Æцæг, йе 'рцыдмæ йæ адæм æрвыст æрцыдысты Кавказы хæхтæй Астæуккаг Азимæ æмæ Хъайсын дæр йæхицæн равзæрста уырдæм ацæуын, йæ адæмы 'хсæн цæрын фарны бон дæр æмæ фыдæвзарæн рæстæджы дæр.

Хъайсын раджы ныллæууыд поэтикон куыстыл — æстдæсаздзыдæй ист æрцыд фысджыты рæнхъытæм уæнгæй, æнудæсаздзыдæй йын рацыд фыццаг чиныг, æмдзæвгæты æмбырдгонд, Налцыччы. Хæсты рæстæджы уый æмдзæвгæтæ мыхуыр кæнынмæ нал æвдæлд, кæд фысгæ бирæ кодта, уæддæр. Фæсхæсты азты дæр ын нæ уыд фадат чингуытæ уадзынæн. Фæлæ 1956 азы, асиаг адæм фæстæмæ Кавказмæ куы æрыздæхтысты, уæд райдыдта Хъайсыны поэтикон рæзты фæндаг. Цалдæр азмæ Хъайсын сси советон поэтты хуыздæртæй иу. Фæд-фæдыл рацыдысты йæ номдзыд чингуытæ: **"Кæрдзын æмæ уарди", "Арт хохыл", "Цæф дур", "Фарн дæ хæдзары", "Зæххы чиныг"** æмæ æндæртæ. Уый фæстæ 1970 азы йæ уацмыстæ — æмдзæвгæтæ æмæ поэмæтæ — рацыдысты Мæскуыйы дыууæ томæй, хæрзæрæджы та — æртæ томæй. Хъайсыны лирикæ тæлмац у ныр бирæ фæсарæйнаг æвзæгтæм дæр, стæй канд социалистон бæстæты нæ, фæлæ Индийы æмæ Францы, Италийы æмæ Англисы дæр.

Цы миниуæджы фæрцы ссардта поэт адæмы зæрдæ, утæппæт алыхуызон чиныгкæсджыты зæрдæ?

Кæй зæгъын æй хъæуы, фыццаджыдæр, йæ хъомысджын курдиаты руаджы. Стыр поэтикон курдиат фадат радта чысыл адæмы поэтæн æгас дуне йæхимæ æрыхъусын кæнынæн. Фæлæ курдиатджын поэттæ ныры литературон дунейы иу æмæ дыууæ нæй, мыййаг. Хъайсын уыдон æхсæн хицæн кæны йæ æвидигæ лæгуарзондзинадæй, цардуарзондзинадæй. Цард уарзын Хъайсыны поэзийы нысан кæны — ацы дуне



кæрдæджы цъуппæй бæрзонд æврæгъты онг уарзын, æппæт дуне æмæ адæймаджы дæр уарзын. Хъайсын йæ иу æмдзæвгæйы ахæм лæгуарзондзинадыл дзуры комкоммæ: фæндагыл адæймааг фембæлд хъыгзæрдæ адæймагыл æмæ йæ фæрсы:

**Цæмæй дын баххуыс**
**кæнон. Ме 'фсымæр.**
**Цы хорзы бацæуон**
**дæуæн?**

Æмæ йын, чи зоны, ницы бауа йæ бон баххуыс, нæ йын фæкъаддæр кæна йæ зæрдæйы рис, фæлæ фæрсгæ кæй кæны, баххуысмæ цæттæ кæй у, уый йæхæдæг у æцæг гуманизм, æцæг уарзондзинад. Цард уарзын, адæмы уарзын, рæстдзинад уарзын æмæ йæ сæрыл сдзурынхъом уæвын — уыдон сты Хъайсыны поэзийы мидæууæлтæ, æрдзон миниуджытæ. Æмæ цæуылфæнды ма фысса поэт — фæрв йæ къалиутæ доны куыд тулы, ууыл, æви саби хæрæгыл куыд цæуы хъæуvæндагыл, уый тыххæй, — уæддæр йæ ныхæсты мидзæрдæйы ис уыцы æвидигæ уарзондзинад æмæ уый тавы адæймаджы зæрдæ, чиныгкæсæджы хъуыды.

Æмæ Хъайсын канд йæ поэзийы нæу ахæм, царды дæр, æрвылбоны хъуыддæгты дæр лæуд у лæгуарзондзинадыл æмæ йæ уый тыххæй уарзынц, чи йæ зоны, æрмæст ыл иу хатт чи фембæлд, уыдон се 'ппæт дæр. Асиаг адæм та стырæй-чысылæй цæуынц Хъайсынмæ, рагон хæлæрттау, — чи æххуысагур, чи йæ фенынмæ, чи та йемæ ныхас кæнынмæ. Асийы хæхты æмæ быдырты Хъайсын алкæмæн дæр у æфсымæр æмæ бæллиццаг уазæг. Уый мæхи цæстæй куы нæ федтаин, уæд мæ, чизоны, уырнгæ дæр нæ бакодтаид, фæлæ уыд ахæм хабар. Хъайсынимæ машинæйыл фæцæйцыдыстæм Чегемы комы, йæ райгуырæн хъæумæ, Зилгæйы доны былыл. Комы хъæлæсы иу хъæуы астæу фæурæдтам машинæ суадоны цур, дон баназæм, зæгъгæ. Фæндаджы фарс иу хæдзарæй рацыд иу ацæргæ лæг, Хъайсыны базыдта æмæ афтæ зæгъы, мæ хæдзармæ хъуамæ рацæуат, мæ цæхх, мæ кæрдзынæй саходат. Хъайсын сразы, æрмæст загъта, фæстæмæ куы раздæхæм, уæд.

Фæстагмæ куы раздæхтыстæм, уæд талынг кæнын райдыдта, Хъайсын та Налцыкмæ тагъд кодта æмæ йæ зæрды уыд рæдау фысимы иувæрсты рахизын, фæлæ йæ фæндæй ницы рауад: раст йæ хæдзары раз нæ фысым не 'рцыдмæ фæндагыл цæхгæрмæ къанау скъахта æмæ йыл ахизæн нæ уыд. Æрурæдтам машинæ æмæ нæм нæ фысым худгæ рауад: "Хъайсын, зыдтон æй, æнæвдæлон дæ æмæ нæ фæлæуудзынæ, фæлæ æз дæуæй хиндæр разындтæн. Чи зоны, кæд ма æрбафтдзынæ ардæм æмæ дын афтæ уадзæн нæй — ацы 'хсæв мæ уазæг хъуамæ уай". Хъайсыны аивæй бафарстон: "Цы дын бавæййы ацы лæг" — "Фыццаг хатт æй уынын", — загъта Хъайсын æмæ бахудти.

Уый ууыл дзурын, æмæ Хъайсын йæ поэтикон ныхасæй æмæ йæ æрдзон лæгуарзондзинадæй ссардта йæ адæмы зæрдæ дæр æмæ йæ чидæриддæр зоны, уыдонæн се 'ппæты зæрдæтæ дæр. Зæрдæ зæрдæ зоны, фæзæгъынц, æмæ Хъайсын та раст æмæ рæсугъд зæрдæйы хицау у поэзийы дæр æмæ царды дæр.

Тынг хæлар у Хъайсын ирон фысджытимæ дæр. Æцæг, йæ уацмыстæ хицæн чиныгæй нæма рацыдысты иронау, фæлæ дзы нæ журналты æмæ газетты бирæ æрцыд мыхуыр тæлмацæй. Бирæ уарзы Хъайсын ирон литературæйы хуыздæр уацмыстæ, уæлдайдæр Къостайы генион поэзи. Хъайсын Къостайы нымайы йæ поэтикон фыдæлыл. Кавказы поэтикон дунейы тырысахæссæгыл æмæ йыл фысгæ дæр иу æмæ дыууæ хатты нæ кодта. Чысыл адæмы поэт уæвгæйæ, Хъайсын иттæг хорз зоны нæ Цæдисы адæмты поэтикон аивад дæр æмæ дунеон поэзи æмæ сæ классик Кязым Мечиевы традицитæм уый бафтыдта дунеон поэзийы тых, ад æмæ дæсныйад æмæ ахæм бындурыл самадта йæхи поэтикон мæсыг, ныр æппæт дунемæ дæр чи зыны, уыцы поэтикон бæрзонд.

Æртиссæдз азы поэтæн цъус не сты, фæлæ Хъайсын ныртæккæ ис йæ тæккæ тыхы, йæ поэтикон хъару æвидигæ у, уæнгæй та, цы хæхты байрæзт, уыдонау фидар у æмæ нырма бирæ алæггад кæндзæн поэзийæн, дзырдаивадæн, адæймагадæн.

Мах, ирон чиныгкæсджытимæ иумæ, фæнды нæ хæлар Хъайсынæн, стыр адæймаг æмæ стыр поэтæн, æнæниздзинад, ног поэтикон бæрзæндтæм схизын, йæ рæдау зæрдæйы куыд фæнды, афтæ уæнгрогæй рацæрын ацы дунейы, уарзон фыдыуæзæгыл, йæ уарзон адæмы 'хсæн!

**ДЖУСОЙТЫ Нафи,**
**профессор,**
**филологон зонæдты доктор**
***1977 аз***

**Хъайсын КУЛИЕВ**

## Ногæй нæ дурты 'хсæн

***Æмæ та ног нæ дурты 'хсæн цæрын, —***
***Мæ мады зарæг зæрдæйы нæры.***

***Фæлладæй-иу, мæ авдæн узгæ, зарыд,***
***Йæ цæст та ахста, рæгътыл мит куыд уарыд...***

***Нæ артдзæст мæнæ, — ам-иу нын нæ мад***
***Фыхта хæринаг, диссаджы хæрзад.***

***Нæ дæлтъур мæнæ — артдзæстæн йæ рæбын.***
***Нæ мад æхсныста ам тыхстæй йæ тæбын.***

***Нæ къæдзæх мæнæ, — раздæрау æндон, —***
***Нæ мад-иу хаста ацы ранæй дон.***

***Фæлæ кæм и мæ гыццийæн йæ разæг?..***
***Мæ сабидуджы уый куы уыд мæ дарæг!..***

***Йæ рæвдыдæй куы уыд мæ уд фæлмæн?..***
***Мыййаг кæд хæхты атади, фæлмау?..***

## Мæ авдæны зарæг

***Ног та дæн мæ райгуырæн Чегемы,***
***У мæ зæрдæ рагбонты рæу чемыл.***

***Сиды мæм кæйдæр ныхас цъæх бонтæй, —***
***Уый кæд у мæ цъæхснаг хъæлæс сонтæй.***

***Дурдзæндтæй кæйдæр нымд катай хъуысы, —***
***Уый мæ мады сабыр хъæлæс сысы.***

***Базары йæ хъуытаз хъуырæй адаг, —***
***Авдæнмæ рæвдауы мæн, мæ мадау!..***

## Цъæх кæрдæг




*Цъæх кæрдæг,*
*Бæгъæввадæй кафгæ*
*кæуыл цыдтæн хæхты;*
*Цъæх кæрдæг,*
*Тæркkъæвдайы донæй*
*æхсад, хурæй та — сыгъд;*
*Цъæх кæрдæг,*
*Тыгъдбазыр лæппуйæн —*
*йæ гобан æмæ йæ баз...*
*Зæрдиагæй мысын,*
*Кæй ныууагътон хæхты,*
*гъе уыцы рæу бонтæ, —*
*Уæ, мæ урс зæрин бонтæ,*
*мæ зæрныджытæ — æрдаг!..*
*Мæ мад дæр чызгæй*
*бæгъæввадæй*
*кæрдæгыл цыд,*
*Чегемы кæрдæгæй*
*мæ фыд дæр*
*нæ иста йæ гом фад.*
*Уæддæр у цъæх кæрдæг ныр дæр —*
*Цъæхбазыр æмæ цæрдхъом.*

## Мæ мады сурæты раз

***Чегем æрфынæй, фæлæ бонмæ***
***Мæ мад йæ сурæтæй кæсы,***
***Цыма мын хохы рындзæй коммæ***
***Йæ царды сагъæстæ хæссы.***

***Кæсы мæ цæстытæм æдзынæг,***
***Æмæ бæлвырддæрæй уынын:***
***Фыдæхсæв уарыны тæдзынæг,***
***Ивгъуыд бонты æвирхъау зын...***

***Чысыл куыд базыдтон цыдæртæ,***
***Куыд кодтон дунемæ фæндаг;***
***Ыстæй цæуыл риссы мæ зæрдæ, —***
***Цы уыд мæ сонт митæй фыдуаг...***

***Æз уыцы сонт миты къæмдзæстыг***
***Нæ хатин, чи зоны, мæ мад***
***Мæнмæ куы нæ кæсид нымд цæстæй,***
***Куы нæ йын уаиккой нымад.***

***Фæлæ кæсы æмæ мыл бафты,***
***Зæрдиаг уайдзæфау, йæ хъаст:***
***Ома, куыд бакодтаид афтæ***
***Хъæбул, мæ риуыхсырæй хаст?..***

***Ныр ма мæ уд цыфæнды хъарон,***
***Цыфæнды ма тыхсон, уæддæр***
***Куыд ракурон мæ цауд ныббарын,***
***Куыд ма ысраст кæнон мæ сæр?..***

***Æрмæст — сæрд уа æви зымæг уа,***
***Йæ цæсты рухсæй дæн рæвдыд.***
***Йæ уды раст æмæ тызмæгæй***
***Дæн бузныг æз æмæ æвыд***

***Йæ цæсты рухс фæлмасæй хъазы***
***Мæ цæсгомыл, — æрхуым, фæллад.***
***Ысты æрвылбон дæр йæ разы***
***Мæ митæ радыгай нымад.***

***Æмæ мæ зарæджы куы ссары***
***Фæлывд ныхас — цæстмæ, тæсмæ,***
***Уæд æй йæ мадзура æхсарæй***
***Æдæрсгæ ассоны фæрсмæ.***

***Чегем — фынæй. Æхсæвы 'нудмæ***
***Йæ катай ивгъуыд бон хæссы.***
***Йæ сурæтæй мæ мад мæ удмæ,***
***Æнусон намысау, кæсы.***

*Нафийы тæлмацтæ*

Поэзийы уылæнтæ

## Зары Хъайсын

***Хъайсын зæронд зарæг фæсусæй,***
***Дзæнгæрæгау, йæ хъуыры дары:***
***Сындæг йæ цæсты хауты хусæй***
***Нæ хæхты рагон бæллæх хъары...***

***"Яман Хъасбот, тызмæг мæйдары***
***Дæ сæр куыд æруагътай ныллæг?!***
***Хуыцауæй иунæг мæлæт дарæм, —***
***Дыууæ хатты нæ мæлы лæг!***

***Мæ бæх ызнæт хуыррытт кæй кæны,***
***Фæдисау хъусын уый, æмбал.***
***Фæлæ у заргæ — сау ингæны***
***Нæ уыдзæн зарынæн амал!***

***Е-гъей, æрцыди кæд нæ адзал,***
***Цæрынмæ нал у уæд бæлгæ!***
***Фæлæ нæй зарæгæн ныууадзæн, —***
***Лæгæн у заргæйæ мæлгæ!***

***Æмæ — фæстаг зарæг нæ царды!***
***Нæ амонд уый фæци æрдзæй:***
***Нæ зæрдæ басудздзæн цъæх арты,***
***Нæ уд та зарæджы цæрдзæн!.."***

***Хъайсын зæронд зарæг фæсусæй,***
***Цæссыгау, зæрдæйæ лæмары,***
***Фæлæ йæ ирд цæсты бын хус у, —***
***Йæ фарсмæ иу Хъасбот нæ ары!***

## Хъайсыны катай

**О если так! Своей метелью,**
**Казбек, засыпь меня скорей**
**И прах бездомный по ущелью**
**Без сожаления развей.**
***ЛЕРМОНТОВ***

*Мæ уд-иу дард бæсты куы снарæг,*
*Мæ бон-иу хасты зын быхсын*
*Куы нал уыд, — удрæбын иу хъарæг*
*Куы фестад ме 'намонд, мæ зын...*

*Мæ фидæн-иу куы нал зынд мигъæй:*
*Мæ уæнгтæ — баст, æхгæд — мæ хъуыр,*
*Уæд-иу мæ уд, Сæнайау, ихæй*
*Ыскодта кæрц æмæ ныммыр...*

*Фæлæ та ног æрлæууыд зæрдыл*
*Кавказ, уæд-иу æрсабыр хъыг,*
*Ыстæфст-иу уд, Сæнайау — сæрды,*
*Йæ их-иу фестади цæссыг.*

*Мæ уд-иу балæууыд Кавказы,*
*Малхъары хæхтыл тахт уынæг,*
*Æмæ та уæд — хъысмæтæй разы,*
*Фыдыуæзæгмæ 'рыфтыд лæг!..*

*Фæлæ йæ уæлвæд ног æнтъыснæг, —*
*Мыййаг кæд нал зонынц мæн ам:*
*Мæ ном мын адавта фыдхуыснæг,*
*Фыдзонды амаддзаг — хæрам?..*

*Ныййарæг зæхх дæр кæд дызæрдыг*
*Кæны мæныл, уæд циу мæ цард?..*
*Цы ма зилы мæ уд йæ сæрты, —*
*Хуыздæр у уæд æрвдзавд, дзыхъмард!..*

*Уæд ма йын æз мæхи цы хъарын,*
*Уæд ист мæ удлæууæн — мæ къуым!..*
*Тыхдымгæ, ме 'ртхутæг Малхъарыл*
*Уæд тагъддæр иу футтæй ныддым!..*

*Мæ хасты бон тыдтон æвзонгæй*
*Æмæ быхстон... Ныр та мæ рад —*
*Цæуын æнусон хасты ногæй...*
*Куыд быхсдзæн зæххы бын салдат?..*

*Мыййаг мæхи кæд уæгъды хъарын, —*
*Нæ мысдзæн мæн ныййарæг къуым.*
*Уæд мургай ме 'ртхутæг Малхъарыл,*
*Тыхдымгæ, развæлгъау ныддым!..*

## Хъайсыны фæстаг хъыг

***Зæгъынц: Хъайсын, æнкъард ыстихтæ ма фысс, —***
***Æрмæст дæуæн нæу а дунейыл зын!..***
***Куыд ис гæнæн, — нæ урссæр хæхты ма мыс,***
***Дæ мады хъыг дæ ма кæна тыхсын?..***

***Куыд ис лæгæн йæхи мæрдадзы кафæн?..***
***Мæ нымадæй у Царды 'мсæр Мæлæт,***
***Æмæ нæ хъæуы бухъзæрдæ уынаффæ,***
***Куы скъуыйа уд мæлæты тасæй, уæд.***

***Лæгæн йæ цин æмæ йæ хъыг дæр — цардæй.***
***Лæгæн, цы уарзы, ууыл у йæ мæт...***
***Уый нæй, уæд цардæй чи цæуид æнкъардæй,***
***Фыдæвзарæн кæмæ кæсид мæлæт?..***

***Зæгъынц: Хъайсын, æнкъард ыстихтæ ма фысс, —***
***Дæ урс цухъхъайыл — сау-сауид нымæт!..***
***Æз та фыссын, куыд амоны мæ намыс,***
***Мæлæты раз дæр раст ныхас — мæ мæт.***

***Уыдтæн æз цæф. Уыдтæн æгомыг хасты,***
***Уæддæр Кавказмæ 'рыздæхын уыдис***
***Мæ уды ныфс... Ныр та мæ урс ныфс хаст у,***
***Ныр та... Мыггагмæ хицæн — уый мæ рис...***

***Уæддæр зæгъы, — мæлæты кой цæй хæрх у***
***Дæ зарджыты! — мæ хæрзгæнæг — йæ фау...***
***Цыма йæхæдæг басгуыхти, мæ тæрхон,***
***Æппынкъаддæр***
***æнæмæлæт Хуыцау!..***

Фарс бацæттæ кодта
**ХОЗИТЫ Барис**



